

**ДЗУРД ЗÆГЪУНÆН НÆ ФИДТÆЛТÆ СÆРМАГОНД ЛÆГТÆ ÆВЗУРСТОНЦÆ**

***Екатеринæ Дуккаг (1729-1796), Уæрæсей императрицæ: «Зæрдхæлар адæймаг архайуй цийфæнди дзаумау æма гъуддаг дæр хуарздзийнадæ фестун кæнунбæл, лæгъуз зæрдихатт кæмæн ес, е ба хуæрзагади дæр фудимелæ агоруй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№48 (1017) 2025 анзи 20 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


# ФУДÆВЗАГ – ФУДÆНТАУÆГ...



Сандро БОТТИЧЕЛЛИЙ конд хузæ «ХАХУР», 1495 анз. Ист æй социалон хизæгтæй.

Кæцидæр бæстити, дан, ес уæхæн æгъдау, æма Нæуæг анзи размæ адæм сæ цæрæн рауæнтæй ракалунцæ, ка сæ нæ фæгъгъæуй æма син хъоргæнæг ка исуй, еци дзаумæуттæ. Еци æгъдау, баруагæс уи уæд, бæргæ бабæззидæ бафæнзунæн махæн дæр. Уæлдайдæр ба, нæ цардиуагæ нин ка æнадæ кæнуй æма нин фидбилизхæссæг ка исуй, еци хъилматæй нæхе исевдæлон кæнуни гъуддаги. Уонæй кæцидæртæ фæззиндтæнцæ, зæгъун æнгъезуй, адæймаг æхуæдæг ку фæззиндтæй, уæд æма недзамантæй нуриуæнгæ си нæййес фæййервæзæн. Æма гъезæмарæ кæнунцæ рæстзæрдæ адæми, берети си фенамонд кæнунцæ. Уæхæн еминæ – фудцъухдзийнадæ, дам-думтæ, кæрæдзебæл ардауæнтæ... Уой фæдбæл æй, мæнæ абони нæ газети 3-аг æма 6-аг фæрстæбæл ке мухур кæнæн, еци æрмæг дæр. Мухур ба ’й кæнæн, кæдимайди ба нин Нæуæг анз уонæй кæдзосдæргонд разиннидæ æма нæ æнамонд нæ кæниуонцæ, зæгъгæ, уой зæрдтæй.

**НÆ УОДВАРНИ ГЪОМУСАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ИХÆСГИН АН ЕУГУРÆЙ ДÆР**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

**НОМЕРÆН**



## КÆСТÆРТÆН – РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ

Цæгат Иристони уæззау атлетики скъолай исирæзтæн агъаззагдæр лæггæдтæ ка бакодта, еци фиццаг лæгтæй еу адтæй **Акъоти Петри фурт Владимир**. Акъоти Владимир адтæй ирон штангисттæй ССР Цæдеси спорти мастери нормæ фиццагидæр ка исæнхæст кодта, е. Акъоти Владимирæн æ агъазиау спортивон-гъомбæладон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй аккаггонд æрцудæй Цæгат Иристони æскъуæлхт тренери, ССР Цæдеси æскъуæлхт тренери, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæги кадгин нæмттæ.

Æма нæ фæндуй аци намусгин лæги цардвæндаги туххæй радзорун. Гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр æ ном æма æ арфиаг гъуддæгутæ ба нерæнгæ дæр ма цæрунцæ нæ дзиллити зæрдити. Æ æримисун нæ зæрди æрæфтудæй, еуемæй æ берæ устур æскъуæлхтдзийнæдти туххæй, иннемæй ба 18 декабри æ райгурдбæл финддæс æма цуппаринсæй анзи ке исæнхæст æй, уомæ гæсгæ (1930-1997).

**БÆРÆГБОНИ ХУÆДРАЗМÆ**




## БÆХ ЛÆДÆРГÆ ХАЙУАН ÆЙ...

Зундгонд куд æй, уотемæй 2026 анз искæсæйнаг къæлиндармæ гæсгæ нимад цæудзæнæй Бæхи Анзбæл. Аци хабар махæн, Иристони дзиллæн дæр уæлдай æхцæуæн æй, уомæн æма бæх нæ адæммæ недзамантæй ба æрæгити уæнгæ дæр бæрзонд цæстиварди æй. Уой туххæй берæ хабæрттæ иссерæн ес нæ адæмон исфæлдистади, уой хæццæ ба ма финст æрцудæй берæ наукон куститæ.Æма нæ газети мухур кæндзинан сæрмагонд æрмæгутæ, бæх цæйбæрцæбæл агъазиау бунат ахæста адæймаги цардиуаги, цæйбæрцæбæл цитгийнаг адтæй нæ фидтæлтæн, еци æма ма æндæр фарстати фæдбæл. Еу æрмæг бал кæсетæ абониккон номери 8-аг фарсбæл.


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Владимир ПУТИН: «Нам бы очень хотелось, чтобы мы в следующем году жили в условиях мира и без всяких военных конфликтов... Нам нужно добиться устранения первопричин конфликта. Чтобы ничего подобного в будущем не повторялось. Чтобы мир был долгосрочным, прочным и устойчивым. К этому мы и будем стремиться...»*

**ПРЕЗИДЕНТ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ВЛАДИМИР ПУТИН ПРОВЕЛ ТРАДИЦИОННЫЙ «ПРЯМОЙ ЭФИР»**



# ВАЖНО, ЧТОБЫ МЫ ЖИЛИ В УСЛОВИЯХ МИРА И СОЗИДАНИЯ...

***Президент Российской Федерации вчера, 19 декабря провел традиционный «Прямой эфир», в ходе которого подводились итоги 2025 года. Общение граждан с президентом в формате прямой линии регулярно проходит в России с 2001 года. Оно не проводилось в 2004, 2012, 2020 и 2022 годах. В 2008–2011-м, когда Путин занимал пост премьер-министра, программа носила название «Прямой разговор с Владимиром Путиным». Как и в прошлом году, общение граждан с Президентом было совмещено с ответами на вопросы журналистов.***

### «НУЖНО БОЛЬШЕ ВНИМАНИЯ УДЕЛЯТЬ ДЕТЯМ...»

О сокращении чтения книг.

«К сожалению, сокращение чтения книг наблюдается во всем мире. У нас много читают, но количество читающей публики сокращается. Это зависит от школы, семьи, родителей. Нужно больше времени уделять детям, выдерживать конкуренцию с современными средствами коммуникации», — отметил Путин.

Президент рассказал, что разговаривал с одним батюшкой и спросил у него, о чем чаще всего говорят люди, когда уходят из жизни. «Ответ какой? Чаще всего жалеют о том, что мало внимания уделяли детям».

### «ВОПРОС ЗАКЛЮЧАЕТСЯ В ДОЛЖНОЙ ОРГАНИЗАЦИИ РАБОТЫ...»

«Меня в правительстве заверили, что все, что касается федерального уровня ответственности, — все средства в регионы отправлены. Вопрос заключается в должной организации этой работы на местах, в логистике, своевременном заключении контрактов по распределению лекарств в аптечные сети», — ответил Путин.

Также есть озабоченность тем, что исчезают государственные аптеки, продолжил он. «Но даже в частных аптеках льготные лекарства должны оставаться по фиксированным ценам», — подчеркнул президент.

«Вот это важно, и за этим нужно будет, как следует, последить соответствующим контрольным органам Минздрава и другим компаниям. Кроме того, нужно больше уделять внимание развитию аптечной сети и путем внедрения так называемых передвижных аптек. Во многих регионах это делается», — добавил глава государства.

### «РАДИ ПОДДЕРЖКИ И СЕМЬИ, И СТРОИТЕЛЬНОГО СЕКТОРА...»

«Решение принято. В регионах, где строится мало жилья, разрешено использовать семейную ипотеку на приобретение жилья с вторичного рынка. Все зависит от качества дома, конечно. Почти 900 городов включены в этот список. Если ваш город не включен, мы это сделаем. Изначально эта мера работала и на поддержку семей, и на поддержку строительного сектора», — ответил Путин.

### «НЕ МЫ ВОЮЕМ, А ВЫ С НАМИ...»

Россия готова работать и с Великобританией, и с Европой, и с США, но на равных при уважительном отношении друг к другу, заявил Путин. Он напомнил слова канцлера Германии Гельмута Коля, который сказал, что «будущее Европы должно быть обязательно вместе с Россией».

Россия занимает четвертое место по паритету покупательной способности. Великобритания занимает восьмое или седьмое место, продолжил Путин.

«Если бы мы объединяли наши усилия с европейскими странами, Россия и европейские страны, наш совокупный ВВП по пределу покупательной способности был бы больше, чем у США», – заявил Путин

«Это все теоретически, но, дополняя друг друга, мы бы процветали, а не воевали бы. Не мы с вами воюем, а вы с нами руками украинских националистов. Мы готовы прекратить эти боевые действия немедленно при обеспечении условий безопасности России», — добавил он.

### «У ПРЕЗИДЕНТА БОЛЬШИЕ ПОЛНОМОЧИЯ...»

«Вы сказали, что вся власть в моих руках. Да, есть власть, которая находится в руках президента России. И контуры этой власти четко обозначены и прописаны в Конституции. Я подписываю законы, но значительная часть законов инициируется депутатами Госдумы или членами Совета Федерации. У президента большие полномочия, но в нашей стране президентская форма обоснована».

### «ЕСЛИ БУДЕТЕ ОТНОСИТЬСЯ К НАМ С УВАЖЕНИЕМ...»

На вопрос, будут ли новые специальные военные операции, Владимир Путин твердо заявил:

– Не будет спецопераций, если будете относиться к нам с уважением и соблюдать наши интересы. Если не будете нас надувать. А нас кинули с расширением НАТО на Восток. Вы создали сегодняшнюю ситуацию своими руками и постоянно нагнетаете, говорите о том, что готовитесь к войне с Россией.

Заявления о том, что Россия собирается напасть на Европу, Путин вновь назвал чушью. «Это делается для того, чтобы создать образ врага. Для того, чтобы прикрыть ошибки, которые системно совершались многими западными правительствами на протяжении ряда лет и в сфере экономики, и в сфере социальной политики. Где эта зеленая повестка дня, когда вновь открываются угольные предприятия? Закрывали атомные электростанции, теперь к ним возвращаются. Это ошибка на ошибке. И все стараются прикрыть теперь злобной Россией. Отвлекают внимание своего населения от своих собственных ошибок на внешний контур», — сказал глава государства.

### «НУЖНО ОЦЕНИТЬ ВСЕ СВОИ ВОЗМОЖНОСТИ И ПРИНЯТЬ РЕШЕНИЕ...»

Вопрос о поддержке молодых специалистов-врачей: как государство может помочь выполнить две задачи — рождение детей и отработки целевого направления.

В России есть целый набор мер поддержки семей с детьми, отметил Путин. Что касается студентов-медиков, то здесь речь об отработке по специальности. «Мне кажется, что это требование вряд ли можно назвать избыточным», — сказал президент.

«Что касается семьи и заведения детей, это всегда выбор каждого конкретного человека. Нужно оценить все свои возможности и принять это решение. Но, как я уже говорил, ни получение дополнительного образования, ни начало карьеры, ни выход на уровень получения какого-то значимого дохода, на мой взгляд, не могут быть основанием для того, чтобы откладывать и вступление в брак, и заведение ребенка», — заявил Путин.

Как он сообщил, двадцать пять регионов России демонстрируют положительные тенденции в сфере демографии.

### «СУЩЕСТВЕННЫЙ ФАКТОР СТАБИЛЬНОСТИ В МИРЕ...»

«Я оцениваю председателя Си Цзиньпина как надежного друга и стабильного партнера. И вот это самая главная основа развития наших отношений, они развиваются последовательно», — сказал Путин.

Самое важное — практика совместной работы по всем направлениям, продолжил он. Радует, что развиваются отношения в области высоких технологий, науки, освоения космоса, страны регулярно проводят учения.

«Все это говорит о том, что наши отношения являются существенным фактором стабильности в мире», — заявил президент.

### «САМОЕ ВАЖНОЕ – ПОДДЕРЖКА СЕМЕЙ С ДЕТЬМИ...»

Путин назвал правильной постановку вопроса о продлении пособия по уходу за ребенком до трех лет. «Вопрос только в бюджетных ограничениях», — отметил он.

Также президент призвал продлить время работы детсадов, но отметил, что понадобится увеличивать число педагогов и воспитателей.

Президент назвал ошибкой отказ в мерах поддержки многодетным семьям при небольшом превышении порога нуждаемости.

«Что касается поддержки семей с детьми, то у нас вокруг этого строится вся политика. Я прошу и региональные власти, коллег в регионах об этом всегда помнить, — заявил Путин. — Сделаем все, чтобы вопрос был решен».

Президенту задали вопрос про реально ощущаемую инфляцию и о росте цен на курицу «почти в два раза».

Путин отметил, что в прошлом году были высокие цены на яйца, но сейчас они снижаются. Также со следующего года вводятся новые меры поддержки семей с детьми, добавил он.

«Конечно, мы все понимаем, что этого недостаточно. Будем дальше совершенствовать систему поддержки семей, стремиться к повышению уровня заработной платы. При повышении трудовых доходов государство не должно снижать эти меры поддержки», — заявил президент.

### «ПРОИЗВОДСТВЕННЫЙ БИЗНЕС НЕ ДОЛЖЕН ПОСТРАДАТЬ...»

Путина спросили, не лучше ли повысить стоимость патента, чем резко менять законы.

«В свое время принимались решения о поддержке малого бизнеса. Правительство фиксирует, что начались процессы с использованием этих инструментов для бесконтрольного завоза серого импорта. Это не значит, что должны быть созданы проблемы для производственного бизнеса. Необязательны издержки для бухгалтерии. Есть сервисы у крупных организаций для бухгалтерии. «Сбер» можно попросить. Производственный бизнес не должен пострадать от перехода на новое налогообложение. Поставлю вопрос перед правительством», — ответил Путин.

### «ДЛЯ МОЛОДЫХ СПЕЦИАЛИСТОВ ДОЛЖНЫ БЫТЬ ГОРИЗОНТЫ...»

Путин ответил на вопрос, как удержать молодых специалистов в России.

«У нас целая система все-таки выработана, и она в целом работает. Но самое-то главное что? Надо создавать социальность. Надо создавать лабораторную базу, потому что настоящий ученый — человек, увлеченный своей работой. Для него это может быть важнее, чем что-либо другое. Но и вот это «что-либо другое» тоже важно. Это уровень заработной платы, обеспечение, это условия, в которых человек живет. Все это постепенно будем делать. На это нацелена и целая система грантов, в том числе и мегагрантов», — сказал Путин.

Ученые говорят, что для молодых специалистов должны быть горизонты, чтобы финансирование было на пять лет, продолжил президент. Многие, кто работал за рубежом, возвращаются, а западные коллеги нам «помогают», добавил президент.

**Международный день солидарности людей отмечается 20 декабря. А 21 декабря отмечается День принятия Международной конвенции о ликвидации всех форм расовой дискриминации.**

ГЪИГГАГ КУЙЙÆЙ МА ТÆРСÆ – ТÆРСÆ СОСÆГГАЙ КА ХУÆЦУЙ, УОМÆЙ!..

# ФУДÆВЗАГ – ФУДÆНТАУÆГ...



*Еуухæни нæмæ редакцимæ æрбацудæй еу лæг – æ бакастæй æма æ дзурдæй бæрæг адтæй æ курухондзийнадæ, уæдта нæ дзубандий рæстæг ми куд баруагæс æй, æ алæмæти рæстзæрдæдзийнадæ. Е 'рбацуд ба адтæй, æ зонгæ биййонтæбæл ци бæлах æрцудæй, уой фæдбæл. Хъæбæр зæрдхъурмæй нин рахабæрттæ кодта, етæ, кæддæри амондгун биййонтæ, куд æма цæй фудæй фенамонд æнцæ, уой туххæй.*

*Цæветтонгæ, етæ зæрдрохсæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, сæ царди хабæрттæ кодтонцæ, гъæубæсти дæр хуарз цæстиварди адтæнцæ, ирæзтæй син заманай цæуæт. Сæ еци хуæрзæмбесонддзийнадæ æхцæуæн адтæй сæ хеуæнттæн дæр æма зонгитæн дæр. Фал, куд рабæрæг æй, уотемæй разиндтæй уæхæн æдзæстуарзонтæ дæр, еци биййонти хуарздзийнæдтæ æнцад цæрун ке нæ уагътонцæ. Æма сæ фудзæрдæй исфæндæ кодтонцæ сæ мудикъос син фæммарггъæстæ кæнун. Æма еу уæхæн фудвæндæгæнæг лæг æма уоси кæрæдзебæл ардаунтæ байдæдта: хецæнæй си еуемæн инней туххæй æримисгæ æведауцæ миути кой ракæниуонцæ, уæдта уомæн æхе туххæй бабæй иннемæн уой «илгъагдзийнæдти» койтæ фæккæнидæ.*

*Фиццаг етæ еци «зæрдæй-зæрдæмæ игъосункæнуйнæгтæбæл» æуувæндгæ дæр уоййасæбæл нæ кодтонцæ, фал... Адтæй нæ адтæй, уæддæр еци дам-думти марг æ куст бакодта, биййонти кæддæри райдзаст цард хæлхъойæй-хæлхъойдæр кæнун байдæдта, сæ фарнæ кунæгæй-кунæгдæр кодта, æма цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бустæги никкуронуат æй... Еу загъдæй, кæддæри алцæмæй дæр амондгун биййонтæ фенамонд æнцæ.*

*Аци хабар нин ракæнгæй, нæ иуазæг загъта:*

*– Корун уи, æма ниммухур кæнетæ уой туххæй ести æрмæг. Кæдимайди ба, уæхæн илгъаг миутæ ка аразуй, етæ сæхебæл æрходиуонцæ æма макæци биййонти амондгун цард бал фехалонцæ... Уæдта сæмæ игъосæг æма сæбæл æуувæндæг дæр куд нæбал уа…*

*Ци ин гъæуама загътайанæ æ еци курдиади фæдбæл... Еунæг уой ин загътан, æма æрдзæмæ куд ес æностæмæ æнæсæййевгæ менеугутæ, уотæ адæймагмæ дæр – е дæр æрдзæ 'й! – ес, гъулæггагæн, уæхæн менеугутæ, кæцитæ адæмæн знаггадæй уæлдай неци хæссунцæ.*

*Уой фæдбæл рагæй нуриуæнгæ дæр сæбæл минкъий финст нæ цудæй æма ма нерæнгæ дæр цæуй, уæдта, æвæдзи, идарддæр дæр ма цæудзæнæй. Дæнцæн абони мухур кæнæн, нæ номдзуд поэт æма æхсæнадон архайæг Цирихати Михал (1919-1998) кæддæр, «Тæссаг нез», зæгъгæ, ци уац ниффинста, уой. Финст кæд раги æрцудæй, уæддæр, дзубанди си цæбæл цæуй, еци сагъæссаг фарстатæ абони дæр ма нин æнцæ гъигæдарæг, нæ царди рохсдзийнадæ нин сау сагæнгъæнст кæнунцæ. Æма еци уац абони мухур кæнгæй, нæ мæгурзæрдæй бæллæн, кæдимайди ба, маргæйдзаг дам-думтæ хæлеу кæнунбæл æхцул къурусдзаутæ сæ илгъаг миутæбæл æрфæсмон кæниуонцæ æма сæ ниууадзиуонцæ. Фал магъа-магъа... Берæгъ, дан, æ синк-синк некæми уадзуй...*

# ДАМ-ДУМТÆЙ АХЪЕЛУН ТÆССАГ НЕЗ ÆЙ..



**ЦИРИХАТИ Михал** (1919-1998),
поэт, æхсæнадон архайæг

***Цъуххæсгути фудмиуæ еу æма дууæ хатти нæ иссæй биййонти цард бабун кæнуни, адæймагæн æхе кенæ æндæр еске рамарун кæнуни æлгъистаги хотух. Берæ хæттити «зæрдхæлар» Марфитæ нисанæн равзарунцæ æнæзæрдихудт, кæдзос уодиконд, хуæрзæгъдау биййонти. Фæззонунцæ 'й, уæхæн биййонтæ сæ гъаст некумæ бахæсдзæнæнцæ, сæ сæрмæ не 'рхæсдзæнæнцæ сæ зæрдити маст æма туппуртæ ескæмæн радзорун.***

Цардæнцæ еу дууæ синхони уарзон æма хæларæй. Сæ сехуар, се 'хсæвæр æнæ кæрæдземæй нæ хуардтонцæ. Еу биййонти хузæн цудæнцæ киномæ, театрмæ, сахаргæронмæ кенæ æндæр ескумæ сæ фæллад уадзунмæ. Кæрæдземæн зæрдæй-зæрдæмæ дзурдтонцæ сæ фæндитæ, сæ хабæрттæ. Кæрæдзей хæдзæрттæмæ хæстæгути, хуæртæ æма æнсувæрти хузæн худтонцæ сæ хуарз лимæнти æма зонгити. Æма алли хатт дæр уомæй сæхемæ кастæнцæ амондгун.

Уотемæй сæбæл евгъудæнцæ бæнттæ, къуæеретæ, мæйтæ, æнзтæ. Сæ еуетæмæ адтæй нæуæгигурд биццеу. Гъудæй ибæл ном исæвæрун. Мадæ æма фидæн кæрон нæбал адтæй сæ цийнæн. Цийнæ кодтонцæ синхæнттæ дæр. Æма номæвæрæн бон куд хæстæгдæр кодта, уотæ фулдæр æзмæлд цудæй нæуæгигурди ниййергути хæдзари. Синхæнттæ сувæллонæн балхæдтонцæ аллихузон хъазар лæвæрттæ. Фæндадтæй сæ, биццеубæл ном етæ куд исæвардтайуонцæ.

– Æма ци кæнуй? – дзуапп лæвардтонцæ сабийи ниййергутæ. – Никки фæллимæндæр уодзинан. Уæдта сæрди еумæ рандæ уодзинан денгизи билæмæ. Æнæгъæнæ биййонтæй...

Уæди рæстæгути адтæй уотæ дæр: синхæнттæй сæ еуетæмæ нæма адтæй кенæ телевизор, кенæ ба приемник, иннетæмæ ба сæ дууæ дæр уиуонцæ, æма етæ синхæнттæй ескæмæнти зæгъиуонцæ:

– Равзаретæ уæхуæдтæ æма бал си еу уæхемæ фæххæссетæ. Уадзæ æма имæ сувæллæнттæ кæсонцæ æма игъосонцæ.

– Нæ гъæуй... Рæхги нæхуæдтæ балхæндзинан, – дзуапп лæвардтонцæ етæ.

Фал уæддæр синхæнтти еу лæг – литератури ахургæнæг – æ лимæнти хæдзарæмæ æрбахаста æ телевизор. Исæвардта 'й æхе къохтæй. Æма син загъта:

– Кæдмæ уæ багъæуа, уæдмæ уæмæ уæд. Æгириддæр æй ку нæбал радтайтæ, уæддæр неци кæнуй...

Ниййергути хæлар æма уарзон цардмæ кастæнцæ сувæллæнттæ æма сæ етæ дæр фæнзтонцæ, еци рæсугъд æма æнæхийнæй, кæдзос æма æнæфæливд рахастдзийнæдтæй. Сæ еугуребæл дæр æмхузон къахидарæс æма уæледарæс, æмхузон пъартфелтæ æма гъазæнтæ. Еу адтæнцæ сæ бацæуæнтæ æма сæ рацæуæнтæ, сæ гъазт æма сæ цийнæ. Æма сæ ниййергути зæрдитæ дæр адтæнцæ æнæзæрдæдзоргæ сæ цæуæти ирисхъæбæл...

Гъе, фал æнæмегъæ арвбæл кæмидæр фæззиндтæй къæмæ. Куд æма кæцæй, уомæн неке неци лæдæрдтæй, неке ин неци базудта. Фал еци мегъи къæмæ устурæй-устурдæр кæнун райдæдта.

6

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Индийаг зæронд лæг æ фурти фуртæн дзурдта:*

*– Алли адæймагæн дæр æ медæгæ цæуй тох, раст си цума дууæ берæгъи хилæ кæнунцæ, уой хузæн. Еу берæгъ си фудæнхæй æмидзаг æй: соцъа, гурусхитæ, фæсмон, хеуарзондзийнадæ, фæливд миутæ æ бауæри исеу æнцæ... Иннæ берæгъ æй хуæрзгæнæг: уарзондзийнадæ, нифс, æмбалбæл æновуд уни менеугутæ хæссуй æ бауæри...*

*Минкъий биццеумæ зæронди дзурдтæ багъардтонцæ, еуцæйбæрцæдæр гъудити ранигъулдæй, уæдта рафарста:*

*– Æма дууæ берæгъемæй ка фæхъхъаурæгиндæр уй?*

*Зæронд индийагæн æ цæсгонбæл фиццаг медбилтихудт фæззиндтæй, уæдта сабийæн дзуапп равардта:*

*– Алкæддæр фæуууæлахез уй, хуæруйнаг фулдæр кæмæн дæттай, е.*

* * *

Еци индийаг зæронд лæги загъд цæйбæрцæбæл раст æй, уой баруагæсæн дæнцæнтæ уоййасæбæл берæ агорун дæр нæ гъæуй. Фагæ 'нцæ уæртæ Украини разамунди миутæ дæр. Дуйней сабур цардарæзтбæл арт æндзаргутæ сæ исаргъуйун кодтонцæ, цидæр сайæнтæй син сæ сæртæ разелун кодтонцæ, ахъелунцæ сæ æма етæ дæр фудмиутæ аразунцæ хумæтæг æвуд адæмæн, дувудони арти амæттаг сæ кæнунцæ. Сæ миутæ син ци берæгътæ фæууинонцæ, етæ, æвæдзи, зæгъдзæнæнцæ: «Мах нæ, фал Украини тогмондаг разамонгутæ 'нцæ тогцъух берæгътæ!..»



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Де 'фсармæ цæбæл нæ арази кæнуй, еци гъуддагæй дæхе гъæуай кæнæ...»**

Æма æфсармæ кæмæ ес, е æхецæн некæд исаккаг кæндзæнæй æведауцæ гъуддаг. Уомæ гæсгæ зæгъун æнгъезуй: абони нæ цардиуаги æгæрæй-æгæрдæр берæ ке иссæнцæ аллихузон фудмиутæ, гиризгагдзийнæдтæ, е уой фудæй æй, æма нæ нурикон æхсæнадæ æхе исуæгъдæ кодта æнæмæнгæ гъæугæ менеуæгæй – æфсармæ æма уодигъæди бæрнæй. Æма нин унаффæгæнæг иссæнцæ уæхæн æдзæсгæнттæ, кæцити растдæр уодзæнæй уодхуартæ исхонун...



**Артур КОНАН ДОЙЛ (1859-1930), англисаг финсæг: «Къанæуттæ кæд æма еу сауæдонæй рантæсунцæ, уæддæр си еуетæ рæсог фæуунцæ, иннетæ ба – лæкъун...»**

Æма адæймагон цардиуаги дæр уотæ нæй? Еуæй-еуетæ ни цæрунцæ рæсогæй, гъома, рæстуодæй сæ гъуддæгути рохсдзийнадæй еугуремæн дæр цийнæдзийнадæ хæссунцæ, иннетæ ба сæ цардвæндаг лæкъун миутæй арæзт, сæхецæн сæ, æвæдзи, уодæнцойнæ æнгъæл æнцæ, фал сæ рæбун дзиллæн ба фудимелæхæссæг ке 'нцæ, е ба сæмæ нимади дæр нæй...



**Альфонс ДОДЕ (1840-1897), францизаг финсæг: «Дæ уоди медæгæ гъенцъун ку кæнай, уæд кедæр амондмæ кæсун зæрдрист æй...»**

Уотæ зæрдристæй кæсунцæ, абони æ фудцардæй ка гъенцъун кæнуй, еци рæстзæрдæ адæм, еумæйаг бæркадæй æдзæсгонæй ке фæддавта æма уой фæрци æнай-æнойти ка рабонгин æй, уони «амондмæ». Фал син е соцъайæй уæлдай цанæбæрæг æхцæуæндзийнадæ æй, кæд æма уомæй сæ уавæр æгириддæр нæ фæххуæздæр уодзæнæй?

**Не 'хсаргин æмзæнхон, Уæрæсей Бæгъатæр Стыцина Александр Михаили фурти райгурдбæл 24 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи (1950-1996). Æвæрд æй Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи.**

***Уæззау атлетикæй фиццаг бунат байахæссуни фæдбæл республикон ористæ æрæги арæзт æрцудæнцæ сахар Дигорай спортивон комплекси. Архайдтонцæ си 13-17 æма 18-20-анздзуд биццеутæ æма кизгуттæ – сæдемæй фулдæр. Ористæ рауадæнцæ зæрдæмæдзæугæ. Уой фæдбæл нæ республики уæззау атлетикæй еугонд команди***



АКЪОТИ Владимир

# КÆСТÆРТÆН – РÆСТВÆНДАГГÆНÆГ

Уазал зуймон бон – æ бартæ тæккæ райсунбæл æй феврали мæйæ. Адæймаги уæхæн рæстæг гъæунгæмæ рацæун дæр бæргæ нæ фæффæндуй, фал æй уæддæр е 'нæмæнгæ кæнгæ гъуддæгутæ ба хæдзари гъари бадун кæми уадзунцæ. Æма метин рæгъти 'хсæн нарæг къахнадбæл фæннæхстæр уогæй, къæхти бунæй мети хъис-хъис цæудзæнæй, уазал ба бауæр æхсилкъитæ кæндзæнæй, уæддæр зæрди ба цидæр æхцæуæндзийнадæ уайтæккæдæр раберæ уй...

## Æ СЕДЗÆРОН УÆЗЗАУ ИРИСХЪÆН ФÆРАЗОН РАЗИНДТÆЙ

Уæхæн «цъемосгитæй» нæ дзубанди цæмæ гæсгæ райдæдтан?.. Раст гъе уæхæн бæнттæй еуеми 1967 анзи Советон Цæдеси дзиллондæр спортивон æхсæнадæ «Динамо»-й цæгатиристойнаг хайади совети æмбурди уæззау атлетики сæйраг тренерæй нисангонд æрцудæй Акъоти Петри фурт Владимир. Уомæй, зæгъун æнгъезуй, аргъгонд æрцудæй, е нæ республики спорти аци хузæ цæмæй æнтæстгинæй райрæза, уой фæдбæл ци берæ хуарздзийнæдтæ исаразта, уонæн. Мадта ин фæстæдæр дæр минкъийдæр кадæгонд нæ цудæй, æнтæстгин уæззауатлеттæ гъомбæл кæнуни гъуддаги ци дессаги арæхстдзийнæдтæ равдиста, уой туххæй ин исаккаг кодтонцæ уæди рæстæгути цитгиндæр цитгингæнæнтæ ССР Цæдеси æма Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренери нæмттæ.

Уæхæн кади аккаг исун æнцон нæ адтæй советон доги, уæд спорти дæр æма ма берæ æндæр уæхæн гъуддæгути нури хузæн æхцатæ æма цидæр аллихузон налатдзийнæдти фæрци нæ фæххуæст адтайсæ уæхæн цитгиндзийнæдтæбæл – æцæгæй хе арæхстдзийнадæ æма хе хъаурæй фескъуæлхун гъудæй, зæрдиагæй кадæ кодтонцæ, æцæг лæгдзийнæдтæй хайгин ка разиннидæ, уонæн. Æма уæхæн барæуадзæ лæгдзийнæдтæй ба хайгин разиндтæй Валоди…

Æ цардвæндаг ци берæ хиццаг æскъуæлхтдзийнæдтæй исæрттивта, етæ уотæ æнцонтæй нæ бафтудæнцæ æ къохи, уонæмæ æ над адтæй даргъ æма гургъахъ, зиндзийнæдтæй æ тæккæ идзаг. Уонæн сæ еугурей туххæй нæ дзордзинан уæхæнттæй е 'мгæрттæй ка ба нæ «фæххайгин» æй. Фал уони хæццæ ба Акъоти бийнонтæ зæрдрист фæцæнцæ Устур Фидибæстон тугъди тæккæ райдайæни, уæд 1941 анзи, Киристонгъæумæ, уонæн сæ хæдзарæмæ исæмбалдæй сау хабар – финстæг. Уоми æфсæддон командæкæнуйнадæ тæфирфæс кодта Акъоти бийнонтæн, сæ дарæг, сæ фидæ Петр Севастополи карз тугъдтити бæгъатæрæй ке фæммард æй, уой фæдбæл. Уæд Валодибæл цудæй еуæндæс анзи. Гъе уотæ хуæрзæригонæй байзадæй седзæрæй еци уæззау фуддзамани.

Фал ци гæнæн адтæй… Гъудæй цæрун, зиндзийнæдтæн фæразун. Æма Валоди дæр фæразта зиндзийнæдтæн, æ седзæрон уæззау ирисхъæбæл исарази уогæй, æ нифс ба уæддæр не 'рсастæй, царди хабæрттæн мадзæлттæ ирдта.

Е 'мгæртти хæццæ райдæдта колхози косун, сæрдигон каникулти, æхсæдунти рæстæг боницъæхæй ба сауæнгæ изæрдалингтæмæ уидæ будурти, косидæ трактористи агъазгæнæгæй дæр... Еци кустити федар кодта æ уодигъæдæ, æ бауæр, ирæзтæй хъаурæгиндæргæнгæй. Уолæфуни рæстæг сæхе райерхæфсунæн Валоди е 'мгæртти хæццæ сæ хъауритæ æвдесиуонцæ трактори æфсæйнаг хæйттæ хæрдмæ есунæй.

## АРХАЙДТА, ПАЙДА КОДТА АЛЛИ ФАДУАТÆЙ ДÆР

Еци ористи архайгæй имæ уæлдай разæнгарддзийнадæ фæззиннидæ, кæддæр циркмæ бафтуйгæй, уоми гиритæ æма æндæр уæзæгтæ есунæй дессæгутæ ка æвдиста, еци бæгъатæр æ зæрдæбæл ку æрбалæууидæ, уæд. Цæветтонгæ, тугъди фæсте Киристонгъæумæ концерти хæццæ иссудæй еу цирки зундгонд уруссаг бæгъатæр. Æ равдисти рæстæг е адæми рази тасун кодта рельситæ, гъазта гиритæй, штангæй. Уæд уомæ ка кастæй æма ин æ хъауритæбæл дестæ ка кодта, уони хæццæ адтæй Валоди дæр. Æма имæ хъæбæр æрхицæ кодта, бафæндадтæй æй еци лæги хузæн хъаурæгин исун.

Æма айдагъ хицæ кæнунбæл нæ фæцæй æ фæндундзийнадæ. Архайдта, пайда кодта алли фадуатæй дæр, цæмæй хъаурæй дæр фæттухгиндæр уа æма æ арæхстдзийнадæ дæр бæрзонддæр кæна.

Уотæ æновудæй ке архайдта, уомæ гæсгæ ин берæ цидæртæ дæр æнтæсун байдæдта, сабургай æ кой игъусун райдæдта æнæгъæнæ республикæбæл дæр. Хумæтæги имæ 1948 анзи нæ фæдздзурдтонцæ республики хъаурæгиндæрти ористæмæ дæр. Уонæми Валоди, Дигори районы команди иуонг уогæй, равдиста хуарз бæрæггæнæнтæ æма ин етæ иссæнцæ берæ æма устур æнтæстдзийнæдти райдайæн. Сæ командæ байахæста фиццаг бунат æма син зæрдæбæлдарæнæн балæвар кодтонцæ штангæ. Æма уæд Валодийæн е 'мбæлтти хæццæ фадуат фæцæй тренировкитæ æцæг профессионалон дзаумауи фæрци кæнунæн. Уотемæй уæззау атлетикæ ин иссæй уотид спортивон ирисхъæ нæ, фал царди сæйраг гъуддаг, е 'новуд æмбæлццон.

Мæнæ уæлдæр ци ористи кой ракодтан, етæ ма ин байгон кодтонцæ, куд фæззæгъунцæ, дуæрттæ устур спортмæ. Бæрзонд бæрæггæнæнтæ ке бавдиста, уомæ гæсгæ Валодий бакодтонцæ республики еугонд командæмæ æма 'й рарвистонцæ Сталинградмæ Уæрæсей Федераций бæрнон ористæмæ.

Еци ористæмæ 'й зæрдиагæй цæттæ кодта уæди рæстæги зундгонд тренер Юрий Полторанин. Е имæ æ цæстæ хъæбæр лæмбунæг дардта, еудадзуг ибæл ауодудта, айдагъ спортивон зали нæ, фал ма ин сауæнгæ поезди цæугæй дæр амудта штангæ есуни сосæгдзийнæдтæ: куд ибæл растдæр хуæцун гъæуй, куд æй есун гъæуй æма ма берæ æндæр уæхæнттæ.

Сталингради ористи Акъоти Владимир равдиста хуарз арæхстдзийнадæ, никки фæббæрæгдæр æнцæ æ хъаурæ, æ тухæ. Ка имæ кастæй, еци специалисттæ æнæдузæрдуггæнгæй æрцудæнцæ, бафеппайдтонцæ Валодийæн фæлтæрдгун спортсменти хæццæ дæр ерис кæнун æ бон ке æй, уæхæн хатдзæгмæ.

## НОМДЗУД ТРЕНЕР ÆЙ ЗÆРДИАГÆЙ НÆ БАРÆВДУДТА

Бауæри æгъдауæй тухгин уогæй, æригон штангист æ хъауритæ æвзурста уæззау уæзи (уæд уæззау уæзæмæ хаст цудæнцæ, æ уæзæ 80 килограмми æма уомæй фулдæр кæмæн адтæй, уæхæн штангæесгутæ) æма байахæста дуккаг бунат, лæвæрд ин æрцудæй æвзестæ майдан.

Сталингради ористи Акъоти Валоди æхе куд арæхстгинæй бавдиста, е хъæбæр фæццудæй, уæди рæстæгути æнæгъæнæ Советон Цæдеси дæр æма дуйней дæр зундгонд ка адтæй, еци ростоваг штангæесæг, тренер Семен Розенфельди зæрдæмæ. Æма Акъой-фурти зæрдиагæй бæргæ худта Ростовмæ, загъта ин, уордæмæ ку рацæуа, уæд ин уæззау атлетикæй архайунæн зингæ хуæздæр фадуæттæ ке уодзæнæй, уой. Валоди æхуæдæг бæргæ исарази æй ростоваг тренери фæндæбæл, фал сæхемæ ба, фиццагидæр æ мадæ арази нæ адтæй, æ фурт цæмæй Ростовмæ рандæуа, уобæл, сæ хæдзари, сæ царди



Нæ Иристони спортивон намусгин уæззауатлеттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): БÆРОЙТИ Хасан, ТАЙМАЗТИ Тимур, ТЪУРИТИ Тинæ, АКЪОТИ Артур, тренер ЗОЛОЙТИ Хъазбег, ТÆСОЙТИ Æхсарбег (уæззау атлетики Федераций президент).



Нæлгоймæгти æмрæнгъæ фæстаг æнзти уæззау атлетикæй æнтæстгинæй архайунцæ кизгуттæ.



*хестæр тренер Дзбойти Петр уотæ загъта: «Уæлдай æхцæуæн е æй, æма си уой бæрцæ искурдиадæгин фæсевæд ке архайдта. Уомæ гæсгæ ни федарæй æруагæс кæнуй, нæ исонибон рæстмæ ке уодзæнæй æма нæмæ нæуæг намусгин атлеттæ, саууæнгæ дуйней чемпионтæ æнæмæнгæ ке фæззиндзæнæй, е...»*





АКЪОТИ Владимири номерæн турнири (2015 анз) уæлахезонтæ. Разæй лæууй АКЪОТИ Артур.



Еци еристи тæрхонгæнгутæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ФÆРНИАТИ Алик, ЦОРИТИ Константин, БЕДОЙТИ Владимир æма еристи сæйраг тæрхонгæнæг СОХИТИ Маир.

хабæртти уæзæ æма ма берæ æндæр гъуддæгутæ еугурæй дæр фурти рагъи адтæнцæ, уой фæрци куддæртæй уæддæр рæстмæ кодтонцæ, æма, дан, æнæ уомæй куд уодзинан… Фал уæддæр фæстагмæ Валодий мадæ Лизæ исарази æй æ фурти фæндæбæл.

Валодийæн æ ахур райдæдта спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и. Уоми куста тренерæй Семен Розенфельд дæр. Валоди æ цардиуаги хабæрттæй тухстдзийнæдтæ куд нæ æвзурстайдæ еци мæгур рæстæгути, куд нæ адтайдæ æхца гъæуагæ дæр, фал ци над равзурста, уой сæрбæлтау бухстæй зиндзийнæдтæн, фæразта алцæмæн дæр. Гъе уотемæй байлагъ кодта, ирæзтæй æ дæснидзийнадæ, бонæй-бонмæ фæлтæрдгиндæр æма хъаурæгиндæр кодта.

Уалинмæ сахъ лæхъуæнмæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ. Фал ин æ спортивон æскъуæлхтдзийнæдтæ нимайгæй ба 'й ниууагътонцæ, Ростови ци сæрмагонд æфсæддон хай адтæй, уоми. Уой фæрци æригон спортивон æфсæддон æма искурдиадæгин штангист æнхæст кодта е 'фсæддон ихæслæвæрдтæ дæр, адтæй ин рæстæг тренировкитæ кæнунæн дæр.

Райевгъудæнцæ е служби æртæ анзи. Уой дæр уотид рæстæги хузæн нæ, фал ин еци æртæ анзи разиндтæнцæ хъæбæр «тиллæггун» – Акъоти лæхъуæн иссæй Донской æфсæддон зилди чемпион. 1951, 1952, 1953 æнзти ба – ССР Цæдеси Гæрзефтонг Тухти чемпионатти призер.

## ÆМА ÆХУÆДÆГ ИССÆЙ ÆРИГОН АТЛЕТТИ ГЪОМБÆЛГÆНÆГ

Акъоти лæхъуæн æфсади гъуддæгутæй ку исуæгъдæ 'й, уæд идарддæр архайдта Ростови спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и. Æма 1955 анзи ССР Цæдеси чемпионати æригон штангист рацудæй фиццаг бунатмæ.

Акъоти Владимирæн 1957 анзи лæвæрд æрцудæй ССР Цæдеси спорти мастери кадгин ном. Зæгъун гъæуй уой, æма еци ном уæди рæстæгути хъæбæр кадгин адтæй, кæмæн æй исаккаг кæниуонцæ, етæ хъæбæр цитгин исуиуонцæ дзиллити цæсти, сæхуæдтæ уæлдай сæрустур уиуонцæ. Акъойфуртæн лæвæрд ке 'рцудæй, еци хабарæн ба ма æ кадгиндзийнадæ бæрзонд уомæй дæр ма адтæй, æма цæгатиристойнаг уæззауатлетикontæй фиццагидæр е райста уæззау атлетикæй спорти мастери ном. Уæлдай æхцæуæн ба ма ин е дæр адтæй, æма еци ном райсуни туххæй æнæмæнгæ гъæугæ норматив нæхемæ, Иристони ке исæнхæст кодта, уомæ гæсгæ. Уæд Дзæуæгигъæуи вагæнттæцалцæггæнæн заводи клуби спортивон зали цудæй Уæрæсей Хонсар хаййи чемпионат уæззау атлетикæй. Се 'мзæнхони уинунмæ 'рбацудæнцæ куд киристонгъæуккæгтæ, уотæ сæдæгай дзæуæгигъæуккæгтæ, Иристони аллирауæнтæй спортуарзгутæ дæр… Уæд Акъоти Владимир иссæй Уæрæсей Хонсар хаййи чемпион.

Акъоти Владимир аллихузон бæрнон еристи æнтæстгинæй фæййархайдта 1959 анзи уæнгæ, уæдта, æхе ке ниццавта, уомæ гæсгæ ин æхецæн штангæ есæн нæбал адтæй, æма уæд райдæдта тренери куст кæнун. Райдæдта сахар Ростови, 1960 анзи ба иссæй цæгатиристойнаг спортивон æхсæнадæ «Спартак»-и тренер. Ами фæккуста 1967 анзи уæнгæ. Уæдта 'й косунмæ ракодтонцæ нæ иннæ номдзуд спортивон æхсæнадæ «Динамо»-мæ.

Раст зæгъгæй, ами тренировкитæ аразунæн уавæртæ æдзæллаггомау адтæнцæ, нæ си адтæй хузæнон спортивон зал, спортивон уæледарæс, спортивон дзаумæуттæ… Фал Валодимæ адтæй разæнгарддзийнадæ, уарзта æ куст æма 'й еугур еци нæхъæртонддзийнæдтæй уоййасæбæл нæ хъор кодтонцæ, æ уæгæ си нæ мæгур кодта…

Уотемæй гъомбæл æма цæттæ кæнун райдæдта, цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте Иристони спортивон намус æма кадæ агъазиау чемпионатти æма еристи æнтæстгинæй гъæуай кæнун ке бон иссæй, уæхæн спортсменти. Валоди æхуæдæг исаразта еу уæрдундонæгонди спортивон дзаумæуттæ тренировкитæн æма æригон биццеути еу къуар райдæдта уæззау атлетикæй цæттæ кæнун.

Æ фиццаг ахуркæнуйнæгтæ адтæнцæ дуйнеуон къласи спорти мастертæ Нанити Феликс, Рæмонати Виктор æма Нанити Виктор. Аци искурдиадæгин штангисттæ æнтæстгинæй архайдтонцæ айдагъ нæхе бæсти нæ, фал саууæнгæ фæсарæйнаг аллихузон дуйнеуон еристи. Иристони штангисттæй фиццаг хатт дуйнеуон рекорд ниввардта Нанити Феликс, фæстæдæр ба никки хъæбæрдæр фескъуæлхтæй е 'рвадæ Нанити Виктор – дуйнеуон рекордтæ исæвардта æртæ хатти. Зингæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй Нанити еума сахъ лæхъуæн Русланæн дæр.

Иристони кадæ æма намус ма аллихузи бæрнон еристи æнтæстгинæй ка гъæуай кодта, уонæй ма Валодийæн æ фиццаг ахуркæнуйнæгтæ адтæнцæ номдзуд штангæесгутæ Хæллати Албег, Моурати Олег, Таймазти Павел, Ботъоти Руслан æма Æхсарæ, Елбати Сергей, Джамал Сулейманов, Александр Зильберман, Кодзурти Марат, Нанити Руслан æма æндæртæ. Аци штангисттæ сæ рæстæги сæхе бавдистонцæ искурдиадæгин æма æнтæстгин спортсментæй, нуртæккæ ба фæллойнæ кæнунцæ бæсти аллирауæнти, алли къабæзти, сæ кусти ерунцæ кадæ æма фарнæ.

## Æ РÆСТУОДÆЙ ХЪИАМÆТТÆ ФÆРРÆСТМÆ 'НЦÆ...

Акъоти Владимир 1972 анзи УСФСР-и физкультурæ æма спорти комитети унаффæмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренери кадгин ном, мадта ин нæхемæ республики дæр хъæбæр искадæ кæниуонцæ – спортсментæ цæттæ кæнуни гъуддаги агъазиау æнтæстдзийнæдтæ ке равдиста, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони АССР-и Сæйраг Совети Президиуми Кади грамотæ, 1977 анзи ба ин исаккаг кодтонцæ Цæгат Иристони АССР-и культури æскъуæлхт косæги цитгин ном.

Рæстæг цудæй, æма тренертæн сæ кусти уавæртæ дæр нивæбæлдæр кодтонцæ, фæззиндтæнцæ фадуæттæ, тренировкитæ нæуæг, бæлвурдæй уæззауатлетикontæ цæттæ кæнунæн цæхуæн гъудæй, уæдта гъæугæ спортивон фæрæзнитæй ефтонг ка адтæй, уæхæн райдзаст зал исаразунæн. Ардæмæ аллибон дæр цудæнцæ дæсгай биццеутæ (уæд кизгуттæ уæззау атлетикæй нæма архайдтонцæ), æригон динамовонтæ – еуетæ си сæ ацъагъуæ исбæлвурд уни фæндæй, иннетæ ба си дæснийадæ фæббæрзонддæр кæнунмæ.

Уонæй сæ фулдæремæн бантæстæй Иристони спортивон кадæ æма намуси гъæздугдæрæй-гъæздугдæр анзфинсти сæхе устур æскъуæлхтдзийнади рæнгъитæ дæр бафинсун. Зæгъæн, дуйнеуон къласи спорти мастер Æлдаттати Артур, æ рæстæги иссæй Австрий дуйнеуон еристи уæлахездзау, фæстæдæр ба фиццаг бунæттæмæ рацудæй æма уæлахездзау иссæй Югославий, Манголий, Китайи, фæууæлахез æй æригæнтти 'хсæн Европи æма дуйнеуон еристи Шотландий, иссæй Уæрæсей адæмти фарæстæймаг сæрдигон спартакиади чемпион. Уой фæсте Æлдаттати Артур рахизтæй тренерон-гъомбæладон кустмæ. Тренертæ иссæнцæ Акъоти Владимири иннæ гъомбæлкæнуйнæгтæ: Бидети Алан, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт тренер, Бедойти Виталий, Гергити Феликс, Нанити Феликс, Баймæтати Эльбрус...

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн зундгин загъд: «Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй». Æма Акъоти Владимири царвæндаги хабæрттæ кæнгæй, еци загъд хумæтæги не 'рбайимистан. Нæ номдзуд спортсмен æма тренерæн æ фурт Артур, æвæдзи, æ фиди хъиамæттæ æма арфиаг гъуддæгутæ уингæй, уæдта си нæ Иристони дзиллитæ куд боз æма сæрустур æнцæ, уой зонгæй, е дæр, куд фæззæгъунцæ, фæццалх æй уой гъуддагбæл. Æма æ фæндæ фæррæстмæ æй – зингæ æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй æ рæстæги æ къохи. Иристойнаг штангисттæй фиццагидæр Акъоти Владимири фурт Артур иссæй дуйней чемпион, уæдта спорти æскъуæлхт мастер уæззау атлетикæй. Фæууæлахез æй берæ дуйнеуон еристи, Барселони Олимпаг гъæзтити ба райста æвзестæ майдан, нæкæси, уæхæн хуæрзеуæг ма уоми райста нæ иннæ номдзуд штангæесæг Таймазти Тимур дæр…

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма Цæгат Иристони тренертæй фиццагидæр Акъоти Владимирæн лæвæрд æрцудæй дуйнеуон еристи тæрхон кæнуни барæ, исаккаг ин кодтонцæ дуйнеуон тæрхонгæнæги къæпхæн.

## ФАРНÆХÆССÆГ ГЪУДДАГ ÆРИМИСУН БÆРГÆ РАСТ УИДÆ...

Акъоти Владимир тренерæй фæккуста дæсгай æнзти дæргъи. Æма ци фæсевæд исгъомбæл кодта, уонæн ба банимайæн дæр нæййес, уой бæрцæбæл берæ 'нцæ. Сæ фулдæр спортивон æнтæстдзийнади тæккæ уæлиаудæр бæрзæндтæмæ исхизтæнцæ. Е кæд ахсгиаг æй, уæддæр уомæй ахсгиагдæр ба е æй, æма æ гъомбæлгæнуйнæгтæй алкедæр гури хъаурæй тухгин уни нифси хæццæ ма æ гъомбæлгæнæгæй райста уодигъæдæй дæр сæрæндзийнади фарнæ, адæми 'хсæн рæстзæрдæй цæрунæн зунд, федарддзийнадæ. Уомæ гæсгæ Акъоти Владимири абони дæр Иристони дзиллитæ арфиагæй имисунцæ, æ берæ хуарздзийнæдтæ ин нæ иронх кæнунцæ, зæрдиагæй ин аразунцæ æ номерæн аллихузон мадзæлттæ…

Акъоти Владимирæн æ рамæлæти фæсте æ кадæн арæзт æрцæуидæ номерæн турнир уæззау атлетикæй. Гъулæггагæн, фæстаг рæстæгути еци ахсгиаг мадзал цæмæдæр гæсгæ арæзт нæбал цæуй. Гъæугæ ба æнæмæнгæ кæнуй. Уомæн æма уомæй кадæгонд цæудзæнæй, нæ национ спорти райрæзтæн уоййасæбæл агъазиау хуæрзти ка бацудæй, еци цитгийнаг адæймагæн. Никки ба, ка си архайдзæнæй, еци фæсевæд бæлвурдæй базондзæнæнцæ номдзуд спортсмен æма тренери цардвæндаги хабæрттæ æма син уодзæнæй замманай дæнцæ бафæнзунæн.

* * *

*Аци уац бацæттæ кодтан, Акъоти Владимири туххæй нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити кæддæр ци æрмæгутæ мухургонд цудæй, уонæмæ гæсгæ.*

*Леонид АНДРЕЕВ (1876-1919), финсæг: «Еу хуæрзцæсгонгини уадолæ ку цавдæуа, уæд уомæй адæймагон хуарзаккагдзийнадæ æфхуæрд ке цæуй, уомæ гæсгæ расти цæсгæнттæ еугурæй дæр æвзаронцæ рист дæр æма маст дæр...»*



# ФУДÆВЗАГ – ФУДÆНТАУÆГ...

Бæзгинæй-бæзгиндæргæнгæ цудæй æма сабургæй лæстæй синхæнттæй дууей фатертæмæ. Листæг сæлфунæг кодта. Æвардта фæззигон халас. Синхæнтти иуæнгти бацудæй уазал мегъæ. Уотæ ахид нæбал цудæнцæ кæрæдземæ. Тадæй сæ медбилти ходун, нигулдæй сæ лимæндзийнади хор. Нæбал сæ фæндадтæй кæрæдзебæл фембæлун дæр.

## ДАМ-ДУМТИ МАРГ ИСÆЗНАГ КОДТА СИНХÆНТТИ

Сæ еуетæ дæр æма сæ иннетæ дæр нæ лæдæрдтæнцæ, ци сæбæл æрцудæй, сæ муди ци къæмæ бахаудтæй, уой. Еу сæумæ нæуæгигурди мадæ фæдздзурдта æ хестæр кизгæмæ:

– Зифæ, мæнæ анæн сæ телевизор бадæттæ... Дуари къæсæрæй... Медæмæ ма бахезæ. Балæдæрдтæ?

– Неци балæдæрдтæн... Цæмæн?

– Кæд дин дæ мадæ уотæ зæгъуй, уæд уотæ кæнун гъæуй. Уоми зин балæдæрæнæй ци ес?– карзæй загъта Зифæн æ фидæ Солтан æма ма æ загъдбæл бафтудта:

– Аци бонæй фæстæмæ еу къахдзæф дæр нæбал Зини хæццæ. Уотæ балæдæрун кæнæ де 'нсувæрæн дæр. Уони хæццæ (гъома, синхæнтти сувæллæнтти хæццæ) гъазгæ дæр æма цæугæ дæр нæбал... Балæдæрдтæ уой дæр?

Зифæ неци балæдæрдтæй, æ ниййергути дзурд æй исæнхæст кæнун ке гъæуй, уомæй идарддæр.

Минкъий стъолæй райста телевизор æма 'й тухæй-фудти рахаста, æрæвардта 'й Зинети фатери къæсæрбæл. Дуар бахуаста. Ракастæй имæ Зини мадæ. Неци имæ исдзурдта. Медæмæ дæр ин нæ загъта, фал фæдздзурдта æ лæгмæ:

– Барис, фæййагъаз мин кæнай!

Уæдæй фæстæмæ дууæ синхони кæрæдземæн кард æма фид фестадæнцæ. Сæ кæрæдзей уинун сæ нæбал фæндадтæй. Солтан ку æрбацæуидæ æ кустæй æма идардмæ ку фæуууинидæ Бариси, уæд тарæрфугæй рандæуидæ иннебæлти.

Уотæ дардтонцæ сæхе сæ уоститæ дæр. Сæ сувæллæнттæ ба цудæнцæ еу скъоламæ æма син еумæ æнæ 'мбæлгæ, æнæ дзубандигæнгæ нæ адтæй. Ке зæгъун æй гъæуй, сæ мадтæлтæ æма фидтæлти сосæггæй, цума æцæгæлонтæ адтæнцæ, уотæ. Гъо, зæгъæн, сæ ниййергутæбæл ести бæлах исæмбалдæй, кæмидæр æма цæмæдæр гæсгæ фехалдæнцæ сæ хæлар рахастдзийнадтæ. Фал уоми ци фудгин æнцæ сувæллæнттæ? Цæмæн гъæуама еуварс кæнонцæ кæрæдзебæл? Цæмæннæ гъæуама цæуонцæ еумæ раздæри хузæн? Уæхæн гъудитæ, изгæ судзийни хузæн, цъæстæ кодтонцæ Зифæ æма Зини зæрдитæ, мегъæ уагътонцæ уони кæстæрти иуæнгти дæр. Æцæг сæ бон неци адтæй балæдæрун. Еуетæ æма иннетæ дæр сæхемæ сæ ниййергутæй некæд неци игъустонцæ сæ синхæнтти тухæй – нæдæр хуарзæй, нæдæр лæгъузæй. Сæ гъудий кæрони дæр некæд æрцудæй, еугур гъуддæгутæ дæр маргæвзаги фудæй ке рауадæнцæ, е.

Цума ка адтæй уæхæн фудæвзаги хецау? Уой зудтонцæ айдагъдæр Зифæ æма Зини ниййергутæ. Зудтонцæ 'й, фал неци дзурдтонцæ. Нæй гъæр кодтонцæ кæрæдземæн, уомæн æма Солтани идард хæстæг ка рахудта, еци «зæрдхæлар» Марфæн си алкедæр хецæнæй дзурд равардта, æ кой ин ке некæд ракæндзæнæй, уой тухæй. Марфæ цудæй сæ дууетæмæ дæр æма æ зæрди дзæбæхæн мийнасæ кодта рæдау синхæнттæмæ. Гъазгæходгæй дзубандитæ кодта. Фæстагмæ исуагъта æ цæсгон æма райдæдта уæд еуетæмæ, уæд иннетæмæ:

– Ани хуарз зонетæ? Уæ синхæнттæй зæгъун...

– Хуарз... Æма ци?

– Неци... Цæмæйдæрти сæбæл секк кæнуй мæ зæрдæ.

– Уæддæр цæмæй?

– Уæхæн дессагæй си неци ес, фал... Уогæ си мæн гъуддаг дæр неци ес, фал си уæхе гъæуай кæнетæ... Цидæртæ сæбæл æригъустон, фал уин сæ нæ зæгъдзæнæн... Исгъæр мæ кæндзинайтæ.

– Цитæ дзорис? Гæрр, уой бæрцæ нæбæл не 'ууæндис?

– Æууæндгæ ба, уанцон нæй, фал... Нæ, нæ, неци уин зæгъдзæнæн.

– Дæ барæ дæхе, фал æй кæми исгъæр кодтай, уоми...

– Мæ мæрдтистæн, мæхе уодæй уæ минкъийдæр нæ уарзун æма мин уæ алли фудкой дæр зин фæууй.

– Гъома ни, уагæр циуавæр фудкойтæ кæнунцæ, ци коййаг нæмæ ес?

– Нæ зонун, нæ зонун... Дзæбæх цæретæ æма мæ нæ фæндуй, уæ лимæн цард мæн фудæй æрбайхæла, е.

– Гъæйдæ, ма тæрсæ, дæ кой си æгириддæр некæцирдигæй райгъусдзæнæй.

– Фал фулдæр ке уарзетæ, уомæй мин расоми кæнетæ...

Æма Солтан, æ бийнойнаг Таурзæт басоми кодтонцæ, Марфи кой сæ цъухæй ке некæд райгъусдзæнæй, уой тухæй. Расоми кодтонцæ Барис æма æ уосæ Заретæ дæр.

## АЛЦÆБÆЛ ÆМА АЛКÆБÆЛ ДÆР КОДТОНЦÆ СЕКК

Æма Марфæ райдæдта æ дзубанди. Еу бон, дан, Солтан Барисæй цитæ фæдздзурдта!.. Уотæ, дан, æнæ синхонæй ка цæруй, æндæр ба уомæн æ къохидзаг бахуæрунмæ дæр нæ бæззуй. Уой хузæн цъумур æма, зæгъуй, æдзæсгон адæймаг зин иссерæн æй сауæнгæ Терк-Турки бæсти дæр. Æ уосæ ба!.. Æллæх-æллæх, уой цъухæй цитæ исхаудтæй, уони исдзорун мæ цæсгон хуæцгæ дæр нæ кæнуй. Уотемæй ба сæхуæдтæ цъумур æма æмбуд æнцæ. Ескæд ма уотæ адтæй: дæ адгин хуæруйнаг дин хуæрæнтæ, цæстæмæ миутæ дин кæнæнтæ, уæдта дæбæл цъифкалæнтæ кæнæнтæ. Алли нецитæ дæбæл имисæнтæ. Дæ фæсауунмæ дин дæ фудкой кæнæнтæ. Адæми цæсти дæ æфтауæнтæ... Раст уæмæ кæсуй е?..

Солтанетæмæ дæр – раст уæхæн дзубандитæ. «Гъе уотитæ, æма атитæ. Еу бон Барис Солтанæй цитæ фæдздзурдта!.. Гæрр, æма уæхе гъостæбæл неци рауадæй? Æма 'й æнæгъæнæ сахар дæр ку дзорунцæ...» Æма уотæ идарддæр.

Синхæнттæ кæрæдземæй цитæ «дзурдтонцæ» æма æнæгъæнæ сахар «цъеутау ци уастонцæ», уони Марфæй æндæр неке зудта. Неке сæ зудта, уомæн æма синхæнттæ кæрæдзей фудкой некæд ракодтонцæ, некæмæн неци радзурдтонцæ.

Мадта сахар дæр «цъеуæдес» нæ кодта æма, фиццаги хузæн, цардæй æ цардæй. Адæм, куд алкæд, уотæ фæллойнæ кодтонцæ, сæ ирисхъи хабæрттæ аразтонцæ. Æцæг раздæри уарзон синхæнттæ ба фæссæйгæ 'нцæ æма садæнцæ уæззау æма тæссаг незæй – фудцъухти незæй. Сæ зæрдитæ, фæззигон гъунтъуз мегъау, адтæнцæ тар æма мæтъæл. Алцæбæл æма алкæбæл дæр хастонцæ секк. Сæ къохтæ дзæбæх нæбал тастæнцæ кустмæ. Нæбал худтæнцæ сæ медбилти. Сæ сувæллæнттæ лæгъуздæр ахур кæнун райдæдтонцæ скъолай. Еуети æма иннети бийнонтæ дæр истингун æнцæ кæрæдземæ. Сæ хуæруйнаг адгинæн нæбал хуардтонцæ. Сæ рацуд æма се 'рбацуд син адгин адæ нæбал кодта. Алкедæр си уотæ гъуди кодта: «Цæмæй бацудан нæ синхонти зæрдихудти? Ци син ракодтан лæгъузæй? Цæмæн нæ ходуйнаг кæнунцæ адæми цæсти?..»

Гъо, алкедæр си гъуди кодта уотæ. Фал сæ «зæрдхæлар» Марфи сæ еумæйаг тæрхони размæ æрлæууун кæнун æма 'й комкоммæ бафæрсуни нифс ба си некæмæ разиндтæй. Дзурд ин равардтонцæ, ард ин бахуардтонцæ. Æфсæрми си кодтонцæ: цалинмæ ин æндæр кадæртæ бустæги æнæнгъæлти æ цъумур æма æнаккаг цæсгон нæ раргом кодтонцæ æма 'й æнæгъæнæ синхбæстæй нæ фæттардтонцæ, уæдмæ.

Фал Марфæ фæззиндтæй æндæр рауæн. Æ сау цъифæйдзаг къæхтæй ниллæстæй æндæр бийнонти зæрдитæмæ. Бабурдæй заводи кенæ фабрики, скъолай кенæ æндæр косæндони æнæгъæнæ коллективи æхсæнмæ. Байтудта си марг. Кæрæдзей хурфити рауайун кодта адæми. Исардудта сæ кæрæдзебæл. Исæнадæ син кодта сæ цард, сæ куст.

## ЦЪУХХÆССÆГИ БÆЛАХИ ФУДÆЙ БАБУН ÆЙ СÆ АМОНД

Гъуддаг исбæлвурд кæнуни тухæй хуасæ неке еруй. Уомæн æма «дзурдлæвæрд» æма «ардхуæрунæй» баст æнцæ Марфи хæццæ! Куд æй «рауайæ» кæнонцæ?!. Адæймаг гъæуама хецау уа æ загъдæн, æ дзурдæн.

Æма уæд æнæгъæнæ коллектив ба? Е цийфæнди кæнæд. Сæйæд тæссаг незæй. Сæдæгай адæймæгути иуæнгти бадæд мегъæ, кæрæдземæ кæсæнтæ тар æрфугæй, мæстгунæй, æнæуæнкæй. Се 'уæнгтæ ма тасæнтæ кустмæ, сæ зæрдæ мацæмæ рохс кæнæд. Уотæ? Нæ, гъуддаг гъæуама уотæ ма уа. Адæймаг бауæри незæй ку фæссæйгæ уа, уæд ин дохтиртæмæ хуасæ разиндзæнæй. Исдзæбæх æй кæндзæнæнцæ. Фал æз ци нези кой кæнун, уомæн ба дохтири бон неци 'й. Уомæн ес айдагъдæр еунæг хуасæ: ка 'й хæлеу кæнуй, уой адæми размæ ракæнун æма 'й цъифи хæццæ исæзмæнтун. Цъуххæссæги хотухтæ 'нцæ циргъ æма маргæйдзаг. Адæймагæн гъавуй æ зæрдæмæ. Æма уæхæн нæмугæй цæф зæрди гъæдгин ресагæдæр æма содзагæдæр æй. Æнцонтæй ин нæбал фæууй исдзæбæхгæнæн.

Цъуххæсгути фудмиуæ еу æма дууæ хатти нæ иссæй бийнонти цард бабун кæнуни, адæймагæн æхе кенæ æндæр еске рамарун кæнуни æлгъистаги хотух. Берæ хæттити «зæрдхæлар» Марфитæ нисанæн равзарунцæ æнæзæрдихудт, кæдзос уодиконд, хуæрзæгъдау бийнонти. Фæззонунцæ 'й, уæхæн бийнонтæ сæ гъаст некумæ бахæсдзæнæнцæ, сæ сæрмæ не 'рхæсдзæнæнцæ сæ зæрдити маст æма туппуртæ ескæмæн радзорун. Ходуйнаг сæмæ кæсдзæнæй уотæ бакæнун.

## ЗУНДÆФТАУÆГ ФÆДЗÆХСТИТÆ



**Иоганн ГЕТЕ (1749-1771) немуцаг поэт:**

– Адæймаг æнтъуснæги уацари ку бахауй, уæд арфдæр гъуди кæнун байдайуй, нæ догæ ци тæрегъæддаг æй, зæуути уавæри ке æй, уобæл, æма барæ-æнæбари æрцæуй уæхæн хатдзæгмæ: дуйне исцæттæ 'й æбуалгъ тæрхони рази æрлæууннæ. Фуд æма хæранбæл ба æфтуйуй еу фæлтæрæй иннемæ!.. Нæ фидтæлти тæрегъæдтæ ке федæн, е нин фагæ нæй, фал ма исонибони фæлтæртæн дæр ниуудзæн еци сахъæттæ, нæхуæдтæ ци тæрегъæдти бацудан, уони ма сæбæл æфтауæн, уотемæй…

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Бутати Данели фурт Геуæргий райгурдбæл 25 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1943). Æ ном хæссунцæ гъæунгтæ, сахартæ Чернобыль æма Черкески.**

*Советон доги фæсевæд тулаваст адтæнцæ хумæтæг косæг дæснийæдтæбæл ахур кæнунмæ, уомæн æма уонæй арæхстгин косгутæ адæми цæсти цитгин адтæнцæ. Фæссоветон рæстæгути еци гъуддаг фæккиудтæй, æма уой зæран балæдæргæй, æргом æздахун байдæдтонцæ косæн дæснийæдти специалисттæ цæттæ кæнунмæ, куд сæрмагонд ахургæнæндæнтти, уотæ скъолати дæр.*



***Нури фæсевæд, уæлдайдæр ба сахайраг биццеутæ, абони нæ зонунцæ курдони дæсниади туххæй. Уотемæй ба æноси размæ дæр ма алли гъæуи дæр адтæй курдбадзæ æма си аразтонцæ аллихузон дзаумæуттæ. Недзаманти ба дзæбоки зæлланг некæд сабур кодта скифаг æма сарматаг сахарти. Нæ рагфидтæлти конд хуæцæнгæрзтæ, æвзестæ тæбæгътæ нур дæр ма адæймаги деси æфтаунцæ æма нимад æнцæ дуйней аййевади тæккæ хуæздæртæбæл.***

# ИРИСТОНИ КУРДОНТÆ


**Туйгъанти Махарбеги конд хузæ «Курдонтæ».**

Аллихузон æзгъæртæй тæккæ раздæр адæймаг базудта сугъзæрийнæ, æвзестæ æма æрхи. Æрхи æма къалай æмтадæй (бронзæ) аразтонцæ хуæцæнгæрзтæ, хъазар æзгъæртæй ба – аййевгæнæнтæ. Æртæ æма æрдæг мин анзей размæ раргом æй æфсæйнаг тайун кæнуни сосæгдзийнадæ, æма аци федар æзгъæрæй конд дзаумæуттæ фæуузæлахез æнцæ бронзæбæл. Уотемæй дзиллити историй райдæдта æфсæйнаг догæ.

Археолог Борис Граков 1938 анзи цæугæдон Днепри билæбæл искъахта скифаг сахар Амадоки кæлæдздзæгтæ. Иссирдта си берæ зингесæнтæ, туасситæ, тæвдæ æзгъæр лухгæнæн инструменттæ, цъасæгæнæнтæ, лигъзгæнæн дзæбокæ, æвзалуй сугъдæнттæ. Цæгат Кавкази ба æртасгутæ раргом кодтонцæ аланти æфсæйнаг тайунгæнæн устур пец, курдони косæнгæрзтæ æма æндæртæ.

Нæ фидтæлтæ курдони кустмæ хæстæг ке адтæнцæ, уобæл дзорæг æнцæ æвзагзонуйнади æвдесæнтæ дæр. Зæгъæн, курдон, курдбадзæ, дзæбокæ, æфсæйнаг, æрзæт, æндон, сугъзæрийнæ, æвзестæ æма берæ æндæртæ. Аци дзурдтæ, уæдта ма æзгъæрæй конд хуæцæнгæрзти нæмттæ дæр (кард, æхсаргард, фат, фæрæт, старц) еугурæйдæр хаунцæ не 'взаги бундорон фондмæ, гъома, ескæмæй æрбайсгæ нæ 'нцæ. Нæ курдонти армидзæф иннæ адæмти 'хсæн бæрæг ке дардта, уобæл дзорæг æй уæхæн гъуддаг, æма ирон терминтæ кард, æндон, рæс, берæ æндæртæ ке бацудæнцæ кавказаг æма угро-финнаг æвзæгтæмæ.

Рагон курдонтæ æфсæйнаги æрзæт тайун кодтонцæ сæхердигонау. Зæнхи еу-30 сантимерти арф къахт искъахтонцæ æма си калдтонцæ листæггонд æрзæт æд гъæдæвзалу. Уæдта арт искæниуонцæ æма ибæл думдтонцæ, æ уæле нæуæг æвзалу калгæй. Еу-дæс сахаттей фæсте уæхæн пеци исфицидæ къинси хузæн къубарæ, уой ба худтонцæ фæтуг. Еци сурхзингæй фæтуг исесиуонцæ æма 'й дзæбокæй хуастонцæ, цæмæй æвзалугур бацæуа æ хурфæмæ, доргин сугъдæнттæ ба рахауонцæ. Нæуæг конд æфсæйнаги къæрттитæ æфснайдтонцæ курдбадзи. Багъæуаги сахатти си нæуæгæй арт искæниуонцæ æма си дзæбоки фæрци аразтонцæ аллихузон дзаумæуттæ.

Ахургæндтæ куд базудтонцæ, уотемæй скифтæ æма сарматтæ хуарз арæхстæнцæ курдони еугур куститæмæ дæр. Тæвдæ æфсæйнаг зудтонцæ лух кæнун æма æздохун, ивазун, тасун æма цъасæ кæнун. Хъæбæрдæр цæмæй адтайдæ, уой туххæй æфсæйнаг дзаумаубæл нихседиуонцæ æндон тæлмæ, кенæ ба ин æхе уæлцъарæ нииййарауиуонцæ. Рагон æфсæйнаги кустгæнгутæн æнæзонгæ нæ адтæнцæ уæларвæй æрхаугæ æзгъæртæ дæр, æма метеоритон æфсæйнагæй аразтонцæ уорс фæринк кæрдтæ. Таурæхъи куд финст ес, уотемæй æрвон хуæцæнгарзи дзæхст дууæ дехи кодта æзгъæрхæдонгин æфсæддони. Кæрдагæй уæлдай ма адтæй дессаги тасагæ: исæйтохæ, уæдта 'й ку фæуугæгъдæ кæнай, уæдта æхуæдæг рараст уодзæнæй. Фæринк карди сосæгдзийнадæ алайнаг курдонтæ сæ хæццæ фæххастонцæ æцæг дуйнемæ. Æрмæст ма зонæн уой, æма сæ хуæцæнгæрзтæ ке нийгъæстæ кæниуонцæ хелаги тогæй.

Адæмон исфæлдистади хелагæ нисан кæнуй дони, курдон ба баст æй арти дуйней хæццæ. Арт æма дони æхсæн цæуй, кæрон кæмæн нæ уодзæнæй, уæхæн тох, фал нихмæлæуугутæ 'нцæ æнæфæххецæнгæнгæ. Нарти эпос нæмæ бахъæртун кодта уæхæн кадæнгæ.

Батрадз æфсæйнагæй ку нибболат кæнун кодта æхе, уæд истæвдæ 'й залиаг хелгутæй конд æвзалуйæй, уæдта æй уæларвон Курдалæгон еци сурхзингæй ниггæлста денгизмæ. Е рафунх æй æма байсустæй. Куддæр болат бæгъатæр рацудæй зæнхæмæ, уотæ бабæй денгиз донæй байдзаг æй, æма феллауæнтæ байдæдта.

Нæ номдзуд эпоси Курдалæгони фæлгонц ахæссуй зингæ бунат. Дессаг æнцæ, æвæдзи, æ менеугутæ: æхседун зонуй айдагъ æфсæйнаг нæ, фал нæртон бæгъатæрти дæр, сæ еуемæн ба искодта æрхи сæрифахс æма 'й бахудта зæгæлтæй. Курдалæгон хауй идаугутæмæ æма цæруй уæларви, фал Нарти адæммæ ба даруй хæларзæрдæ æма сæ хæдзæрттæмæ ахид цæуй цæхæр уади гъесбæл. Æрвон курдон нæмттæ исæвардта Æхсар æма Æхсæртæгбæл, Нартæн ба балæвар кодта хъазар хæзнатæ – æфсæйнаг дзубур æма болат уадиндзæ. Нарти адæмæй æ хуарздзийнæдтæ некæд феронх æнцæ. Курдалæгони номбæл адгин бæгæни æхсистонцæ æма ин уомæй сæ уалдзæги хумти æ ном ирдтонцæ, дессаги уадиндзæ ба син æхе æгъдауæй кодта зартæ.

Абайти Васо куд финсуй, уотемæй Курдалæгони ном равзурдæй дзурдбаст «алайнаг курд Уæргон»-æй. Уæргон (Уæрхæг) ба ирон æвзаги кæддæр амудта «берæгъ». Ахургонди гъудимæ гæсгæ, аци факт Нарти кадæнгити хæстæг кæнуй европаг адæмти эпости хæццæ: ирон, римаг, гермайнаг æма скандинаваг мифологий курдон æнæфæххецæнгæнгæ баст æй берæгъи хæццæ. Беретæн æнæзонгæ нæ уодзæнæй, Уæрхæг (берæгъ) ке æй Нарти хестæри ном, уæдта Сослан ба берæгъи æхсири æхсист ке æрцудæй.

Нæ рагфидтæлтæ æфсæйнагæй конд хæдзари дзаумæуттæй уæлдай фулдæр аргъ кодтонцæ уæларт рæхисæн, æ федар ба амудта бийнонти еудзийнадæ. Уомæ гæсгæ, рæхистæ ка аразта, еци уæларвон курдон Сафа нимад адтæй бийнонти царди бардауæгбæл. Рæхисбæл хуæцгæй, Сафай номæй хуардтонцæ ард, кувтонцæ имæ хъæбæр уарунти æма арв ку гъæр кæнидæ, еци рæстæг. Нæуæг киндзи ба бийнонтæ нæ нимадтонцæ сæхеуонбæл, цалинмæ 'й æ къохбæлхуæцæг æртæ хатти не 'рзелун кæнидæ уæларт рæхиси алфамбулай. Ирон эпосмæ гæсгæ, Сафа æй Нарти Сослани лимæн æма уæларвон курдони фæрци зæнхон адæмæн дæттуй хуар, куройнæ æма æндæр хуарздзийнæдтæ. Сафа баст æй, Геродот ке туххæй финста, еци скифаг хæдзари бардауæг Табитий хæццæ.

Специалисттæ куд нимайунцæ, уотемæй Кавказ æй дуйней металлургий тæккæ рагондæр центртæй еу. Зундгонд англисаг историк Джордж Вернадски финсуй, зæгъгæ, курдони аййевадæ Уæрæсей рахæлеу æй Кавказæй. Æцæгæйдæр, аци региони рагдзаманти ци берæ алайнаг сахартæ æма гъæутæ адтæй, уонæми сæ еугуреми дæр игъустæй курдони зæлланг. Зæгъæн, Уæллагири коми нæ рагфиддæлтæ тайун кодтонцæ æфсæйнаг, æвзестæ, æрхи, изди, æндæр æзгъæртæ. Куд дзорунцæ, уотемæй Курдалæгони кунцигом адтæй Зæрæмæги гъæумæ хæстæг – еци рауæн думуй аллирауæнæй дæр фондз комемæй. Бурон æма Зæрæмæги æхсæн ци бунат ес, е ба хуннуй Æвзалусодзæн, æма си фулдæр пайда кодтонцæ толдзæ æма сибулдзæй.

Алантæн æнæзонгæ нæ адтæнцæ Дигоргоми пайдагун æрзæттæ дæр. Евгъуд æноси немуцаг бæлццон Вольдемар Пфаф Сурх хонх æма Астанти Бæрзонди фæууидта æрдæгкалд рагон æрзæткъахæнтæ. Бунæттон цæргутæ ахургондæн куд дзурдтонцæ, уотемæй недзаманти пайдайаг къахуйнæгтæ амал кодтонцæ Кион хонхи дæр. Аци æрзæткъахæнти кой 1880 анзи цудæй 5-аг археологон конгресси (Тифлис), сæ исахур кæнун ба къохи нæ бафтудæй, æхцай фæрæзнитæ ке нæ адтæй, уой туххæй.

Манголти нимпурст фесафта Аланти паддзахадæ æма урух будуртæй нæ фидтæлтæ фæллигъдæнцæ хуæнхбæстæмæ. Зин уавæрти цæргæй, курдонтæ нæ фесафтонцæ сæ рагон дæснийадæ æма æ сосæгдзийнæдтæ цудæнцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ. 1886 анзи исфинсти бæрæггæнæнтæ куд дзорунцæ, уотемæй Уæллагири коми алли гъæуи дæр адтæй курдонтæ. Зæгъæн, Æрхони æфсæнгуст кодта Худæлти Берд, Бизи – Бутати Ахмæт æма Аслангери, уæдта Пагæти Дзамболат, Дагоми – Хъарати Елдза, Джимийи – Гасити Саукуй, Инджинти – Зембатти Бимболат, Дæллаг Унали – Цæллагти Азæмæт, Уæллаг Унали – Æгкæлати Темирболат, Цъамади – Созæти Нафи. Евгъуд æноси берæ курдонтæ адтæй Иристони иннæ кæмтти дæр. Зæгъæн, Захъагоми курдонти кустмæ хуарз арæхстæнцæ Хъесатæ, Курттати коми – Кцойтæ, Нари коми – Саутæтæ. Игъустгонд адтæнцæ æрмдæснитæ Цгъойти Тусман (Хæресгун), Дегъуати Азе (Дæргъæвс), Æгкацати Уано (Цимити) æма æндæртæ.

Ирон курдонтæ аразтонцæ алцидæр: рæхистæ, æхсирфтæ, цæвæгтæ, къæпетæ, фæрæттæ, фидесæнтæ æмæ æндæртæ. Сауæнгæ ма хуæцæнгæрзтæ дæр цудæнцæ сæ арæхстгин къохтæй – хъæматæ, æхсаргардтæ, фæрдугцъух æма борцъух топпитæ. Берæ æфсæнгустгæнгутæ зудтонцæ зæрингурди дæснийадæ дæр æма хъазар æзгъæртæй кодтонцæ гъосицæгтæ, фæрдгутæ, цонгдарæнтæ, цæппæртæ, къохдарæнтæ. Айдагъ Иристони нæ, фал ма æндæр рауæнти дæр зундгонд адтæнцæ унайлаг Тахохти Дитто æма къора-уорсдойнаг Хъубадти Хангерийи конд карди фестонтæ, дамбацай хуæцæнтæ, сæргътæ. Еци дзаумæуттæ ба кодтонцæ сугъзæрийнæ, æвзестæ кенæ æрхий астæрдæй. Хонхи Уорсдони цæрæг Келæхсати зæрингурдтæ ба уæлдай сæрустур адтæнцæ, æрхийæй ци бæгæнихседæн æгтæ аразтонцæ, уонæй.

Хуæнхаг курдбадзæ фулдæр хатт уидæ цуппæрдегъон, кенæ ба даргъ, тумбул. Кунцæгом æма кунцæ æвæрд адтæнцæ дæллаг къуми рази, дуари бакомкоммæ. Хъæсдарæг арæзт адтæй ниллæг къудурбæл, æма, цæмæй курдони æгæр губур кæнун ма гъудайдæ, уой туххæй къахтонцæ лæглæууæн къахт. Косгæ косун курдон лæудтæй къахти, рохс имæ цудæй фæрсæй, æ къохи буни адтæнцæ аллихузи дзæбокитæ, цъасæгæнæнтæ, рæстæ, лухгæнæнтæ æма æндæр косæнгæрзтæ.

Адæм дес кæниуонцæ æфсæнгустгæнгути арæхстдзийнадæбæл, æма син сæ дæснийади туххæй уæлдай кадæ кодтонцæ. Гъæубæстæ сæ берæ уарзтонцæ. Кувди кенæ ба киндзæхсæвæрти син кодтонцæ (курди къере) устур цихтгун, хисти дзамани ба курди хай адтæй гали агъд æма бæгæний дорин. Æфсæнгустгæнгутæ фулдæр хатт цардæнцæ хецæн синхæй æма сæ гъæздугдзийнадæ алкæддæр бæрæг дардта иннети 'хсæн.

Æхсæнади курдонæн ци устур кадæ адтæй, е æнæзингæ нæ фæцæй адæмон исфæлдистади. Аци дæснийади хæццæ уæлдай æнгондæр баст æнцæ аллихузон æмбесæндтæ: æфсæйнаг æ тæвдæбæл цæгъдун гъæуй; косгæй æфсæйнаг дæр нæ изгæ кæнуй; лæгъуз курдонæн е 'взалу – æхецæй; курдони хæдзарæ – æнæ кард. Берæ байзадæй курдони туххæй фразеологизмтæ дæр. Зæгъæн, киндзæ æгæр бæзгин къере ку искæнидæ, уæд ин æфсийнæ уайдзæфгæнæгау зæгъидæ, кæд дин курдони гудун нæй, зæгъгæ.

Æцæгæйдæр курдонтæ устур бунат ахæстонцæ нæ фидтæлти царди. Сæ дессаги арæхстдзийнади фæрци тугъдонтæ алкæддæр сæ зæрдæ дардтонцæ сæ хуæцæнгæрзтæбæл, сабур цæрæг адæммæ ба адтæй федар косæнгæрзтæ.

Абони кæд курдони фæллойнæ уотæ æхсицгæ нæбал гъæуй, уæддæр гъæуама нæ фæсевæд ма иронх кæнонцæ нæ рагон дæснити искурдиадæ æма кустуарзондзийнадæ.

***ЦОГОЙТИ Валоди***

**Цæгат Иристони æскъуæлхт хузæгæнæг, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат Калманти Николайи фурт Батри райгурдбæл 20 декабри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1920-1981).**

*Наверно, счастье так огромно, что влезть в меня ему никак.*
* * *
*Позвал на выручку. Пришли и отобрали.*

* * *
*Гонимый всеми всех опережает.*
* * *
*Любовь нагрянула, а ждал Надежду с Верой.*

* * *
*Мечта сбылась. Вот вспомнить бы, какая.*
* * *
*На поводке и лается смелее.*

**БÆХ КА ÆФХУÆРУЙ, УОМÆЙ ЗУНД МА АГОРÆ...**


Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# БÆХИ ЦÆСТИСУГТÆ

Хъармайнаг лæхъуæн Дзугкойти Николай 1949 анзи Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институт æнтæстгинæй каст ку фæцæй, уæд æй рарвистонцæ косунмæ синхаг республикæ Дагестанмæ. Æ хъауритæ, æ зонундзийнадтæ нæ аурста æнсувæрон адæми сувæллæнттæн, зæрдиагæй архайдта уони ахури надбæл æрлæууни кæнунбæл. Æма ин æнтæсгæ дæр кодта.

Æригон ахургæнæг е 'мкосæг ахургæнгути, скъоладзаути æма сæ ниййергути хæццæ уайтæккидæр иссирдта еумæйаг æвзаг æма сæ зæрдитæмæ раст над. Берæ 'й бауарзтонцæ, æхуæдæг дæр син минкъий хуæрзти нæ бацудæй. Уомæн æвдесæн æнцæ æ берæ Кади гæгъæдитæ. Устур аргъ кодтонцæ æригон специалистæн райони ахуради æма иннæ уæлдæр хецауадон разамундæттæн къабæзти дæр.

Фал куд фæззæгъунцæ, махæрдигон адæймаги кæмифæнди уогæй дæр, æ къах фæстæмæ, æ райгурæн къуммæ хæссуй. Æма Николай дæр цалдæр анзей фæсте æрбаздахтæй Иристонмæ. Бацудæй кусти фæдбæл рохсади Министрадæмæ. Уоми ин загътонцæ, Уæллагкоми Къæмунти гъæуи æнæнхæст астæуккаг скъоламæ директорæй бацо, зæгъгæ. Николай нецибал загъта, исарази æй.

Кæд си гъæубæсти хуарз адæм æма ахургæнгути зæрдхæлар коллектив æрбайайафта, уæддæр хаугæ ба бакодта мæгургомау скъоламæ. Ахургæнæн уæттæ æма къæбинеттæ гъæугæ дзаумæуттæй адтæнцæ ревæд. Скъолай мулк адтæнцæ: саст партитæ, къелатæ æма еу фудхуз бæх.

Фал Николайæн æ нифс нæ расастæй, нæ фæттарстæй зинтæй. Дусвæлдæхтæй бавналдта æ кустмæ. Ами дæр бабæй уайтæккидæр иссирдта скъоладзаутæ æма сæ ниййергути зæрдитæмæ, бунæттон колхози разамунди хæццæ дæр ин адтæй хуарз лæдæрундзийнадæ. Етæ æ фарсмæ æрбалæудтæнцæ. Цæрæнбунат ин иссæй Магкати хæдзарæ. Бийнонтæ 'й райстонцæ сæхемæ куд хе бæдолæ, уотæ.

Рæстæг цудæй, кодта æ куст æригон директор дæр. Сабургай, фал ахургæнæн уæтти фæззиндтæй нæуæг ахурадон æма гъомбæладон фæрæзнитæ: физикæ æма химий прибортæ, уруссаг æма маддæлон æвзагбæл плакаттæ æма æндæр цæстæйуингæ агъазадон æрмæгутæ. Уотæ иннæ предметтæбæл дæр. Колхоз дæр ин æ агъази хай лæвардта.

Уотемæй еу анзмæ Къæмунти скъола Мæхчески райони скъолати 'хсæн, байахæста фиццаг бунæттæй еу. Уогæ ба си уæд адтæй дууæ астæуккаг, фондз æнæнхæст астæуккаг æма цуппар райдайæн скъолай.

Скъолай гъуддæгутæ кæд фæррæвдзæдæр æнцæ, уæддæр директори еу гъуддаг кълумпи кодта. Ахид гъудæй хуæнхаг надбæл райони центр Мæцутæмæ аллихузон фарстати фæдбæл. Уордæмæ ба адтæй айдагъдæр еуæрдæмæ æхсæрдæс километри. Æма æригон адæймаг зийнадæ нæ кодта, фал нæдтæбæл æгæр берæ рæстæг исафта.

Бæх ба æдзæллаг, никки ма æ раззаг къæхтæй еуей сæфтæги æрхъез саст адтæй. Николай скъоладзау ма ку адтæй, уæд сæ гъæуи еу зæронд лæгæй уæхæн хабар фегъуста.

Нæ гъæуи, дан, мæнæй хуæздæр бæх некæмæ адтæй, фал мин еу хатт догъи æ сæфтæг расастæй. Ци нæ ин кодтон, уæхæн нæ адтæй, фал неци, нæ дзæбæх кодта. Уæд, дан, мин еу хестæр уотæ, скъæти ин æ гъæдгин сæфтæг фæйнæгмæ зæгæлæй ниххуайæ, æ къах æзмæлгæ куд нæ кæна, уотæ. Æз имæ байгъустон. Æма дин Хуцау уæхæн арфæ ракæна: бæхи къах исдзæбæх æй æма 'й нæуæгæй догъи уагътон.

Еци хабар Николайи зæрдæбæл æрлæудтæй. Æхецæн загъта, гъæйдæ бавзарон æз дæр уотæ бакæнун, ка 'й зонуй, æма…

Хестæри амунд «хуасæ» фæббæзтæй Николайи бæхæн. Æригон байраг-бæх адтæй, æма æ исдзæбæх унмæ берæ рæстæг нæ багъудæй. Никки ма имæ хъæбæр хуарз зилдæй, некæд æй ниууагъта æнæгъудæй дæр æма стонгæй, уой бæсти æхуæдæг нæ бахуардтайтæ. Цъæх хуасæ æма хуари нæмугæй бæхи раз некæд цох кодта. Коми бæхтæй ибæл уайунмæ некебал тухгиндæр кодта.

Уæд еу хатт райони ахуради хайадæй фæстæмæ цæугæй, хуæнхаг надбæл е 'хсæ идардмæ размæ фехста æма 'й æ бæхбæл уайгæ-уайун уæлдæфи райахæста, уæдта бабæй æй уæлбæхæй зæнхæй фелвасидæ.

Уотемæй æй коми нарæги æрбайайафтонцæ партий обкоми секретарь æма министртæй кадæр. Сæ хæццæ адтæй райкоми секретарь дæр. Етæ цидæр гъуддæгути фæдбæл æрбацудæнцæ Уæллагкоммæ.

Николай, рæуæг машинæ ку фæууидта, уæд æрхизтæй бæхæй, над ин раттон, зæгъгæ. Ка си бадтæй, уой дæр нæ зудта.

Етæ имæ ку æрбахъæрттæнцæ, уæд бауорæдтонцæ сæ машинæ æма рахизтæнцæ, æ къох ин райстонцæ, уæдта ин обкоми секретарь уотæ загъуй:

– Лæхъуæн, кæд бæхбæл куд гъазис, косгæ дæр уотæ кæнис, уæд дин мах иссердзинан, дæхе хуæздæр кæми равдесай, уæхæн бунат.

Æма 'й ахури нæуæг анзи Алагирмæ райиивтонцæ. Гъæубæсти цæргутæн, скъоладзаутæн æма ахургæнгутæн бæргæ зин адтæй æ рандæун, фал æй уæддæр боз æма цитгинæй рафæндарæст кодтонцæ, берæ арфитæ ин фæккодтонцæ.

Баруагæс уи уæд, еци арфити аккаг, гъай-гъай, адтæй. Айдагъ хуарз директор-ахургæнæг æма фæсевæди гъомбæлгæнæг син нæ адтæй, фал ма хуарз синхаг æма гъæуккаг дæр. Уæллагкоми ци æнзти бакуста, уони дæргъи æхе еуварс некæци гъуддагæй райста, куд кæстæр, уотæ багъæуаги алли гъуддаги дæр лæггадæ кодта.

Бæнттæ цудæнцæ, мæйтæ æййивтонцæ кæрæдзей. Николай дæр æ кусти нæуæг рауæни æ ихæстæ æнтæстгинæй æнхæст кодта. Рацудайдæ анзæй фулдæр. Еу бон е 'мбæлтти хæццæ Алагири гъæунгти куд цудæй, уотемæй æнай-æнойти райгъустæй хъæбæр гъæрæй бæхи æрхæндæг уасун. Кæсуй æма иссæуй еу бæхбадæг бæхбæл. Ци хабар æй, зæгъгæ, æрлæудтæй Николай. Ку имæ æрбахъæрттæнцæ, уæд бæх Николайи размæ фæллæугæй ниууаста, æ цæстисугтæ æрæгъзалдæнцæ зæнхæмæ.

Бæхбадæг æ зонгæ лæхъуæн разиндтæй. Уæллагкоймаг. Фал Николай æ бæхи нæбал базудта, иссæй бустæги æндæрхузон, исфудхуз æй, æ фест æ уæле нихъхъæбæр æй, æ даргъ думæгæй ба нецибал байзадæй, еугай гъестæ ма си зæболæ кодтонцæ.

– Лæхъуæн, бæх айдагъ бадунæн нæй, зелун дæр ма имæ гъæуй, ходуйнаг æй – бауайдзæф кодта бæхбадæгæн Николай æма ма æ бæхмæ еума каст фæккодта.

...Николай уæдæй фæстæмæ берæ бæрнон бунæтти фæккуста. Адтæй Дзæуæгигъæуи хуæнхон-металлургон техникуми директор, адтæй республики цауæйнæнтти хæдзаради управлений хецау. Уæд æ бæрни хуæдтолгитæ уидæ, фал уæддæр æ еци бæхи ба некæд иронх кодта. Берæ хабæрттæ æма цаутæ си æримисидæ. Зæгъæн, еу хатт сæумæраги æ бæхбæл Хъарманæй куд фесхуста æма скъолай уроктæ нæма райдæдтонцæ, уотемæй æй Къæмунти куд балæууун кодта, уой.

***МÆРЗОЙТИ Сергей***

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Дзугкойти Геуæрги æма аци уац ниффинсæг, адæмон ахуради ветеран Мæрзойти Сергей, гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æнцæ… Рохсаг уæнтæ… Се 'рдзон искондæй, зæрдæй, сæ уодикондæй цæйбæрцæбæл федауцæ адтæнцæ, уомæ гæсгæ нин æнцæ æримисуни аккаг…*

**УОТÆ ЦÆМÆН ДЗОРÆН...**



## БÆТÆГАТИ БÆХИ НАД

Советон доги размæ бæх ирон лæгæн æ бийнонти дарæг дæр адтæй æма æ хъалгæнæн дæр. Хицæ кодтонцæ, саргъи, уæлдайдæр ба, догъон бæхтæ кæмæ адтæй, уонæмæ. Хуарз бæх бийнонтæбæл нимад цудæй, æма ибæл ести бæлах ку 'рцæуидæ, уæд ибæл хъæбæр багузавæ уиуонцæ.

Догъон бæх, дан, адтæй Бæтæгатæй еу хæдзарæмæ дæр. Бийнонтæй ибæл алкедæр ауодудта, хуаси, хуаллаги хуæздæр ин лæвардтонцæ, кæдзос æй дардтонцæ. Æртайгæ 'й æгæр ахид ке кодтонцæ, уой адæм бафеппайдтонцæ, æма уайтæкки дæр сæ дзубандий фæззиндтæй дзурдбаст «Бæтæгати бæхи над». Дзоргæ ба 'й кодтонцæ æма кæнунцæ гиризгæнæгау. Ескæмæ ести налат миуæ ку бафеппайунцæ, уæд медбилходгæй фæззæгъунцæ: «Бæтæгати бæхи над дæ фæккæндзæнæн». Гъома, ресгæ нæ, фал æхцæуæн над. Ами дзурд «над»-и кæд фулдæр мевдесæг «нæмун»-и медес игъусуй, уæддæр æй дзорæг æма 'й кæмæн дзоруй, етæ дæр балæдæрунцæ, Бæтæгатæ сæ бæхи нæмгæ нæ, фал æртайгæ ке кодтонцæ, уой.

Уæхæн дувæр гъуди æвæрд ес аци дзурдбасти.

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2026 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 394 СОМИ ÆМА 38 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 345 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРЕСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2748**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 19.12.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 19.12.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**